

**Pa President  
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Pi bon moman pou Plante yon pyebwa

**N**an ansyen Rome nan, Janus sete bondye kòmansman yo. Yo te konn souvan dekri li avèk de figi—youn k ap gade dèyè nan lepase, lòt la ap gade devan nan lefityi. Gen kèk lang kote yo bay mwa Janvyè a non li paske kòmansman ane a sete yon tan refleksyon osibyèn ke yon tan planifikasyon.

Dè milye ane apre, anpil kilti atravè mond lan gen yon tradisyon ki se pran rezolisyon pou nouèl ane a. Natirèlman, pran rezolisyon se bagay ki fasil—kenbe yo se yon bagay trè diferan.

Yon mesye ki te fè yon lis rezolisyon byen long pou Nouèl Ane a te santi l satisfè de pwogrè li. Nan tèt li, li te di: “Jiskamentnan, mwen kenbe rejim mwen an, mwen pa fè kòlè, mwen viv selon bidjè mwen, e pa yon fwa m pa plenyen poutèt chyèn vwazen an. Men jodia se 2 Janvyè e revèy la fèk sonnen e li lè pou m leve nan kabann mwen. Sa pral mande yon mirak pou m kontinye suiv tout bi m yo.

## **Rekòmans**

Gen yon bagay ki bay espwa anpil nan pran yon nouvo depa. Mwen sipoze yon lè oswa yon lòt, nou tout te anvi pran yon nouvo depa avèk eta pwòp.

Mwen renmen gen yon nouvo konpitè ki gen yon andedan tou nèf. Pandan yon tan, li mache pafètman byen. Men amezi jou ak semèn ap pase e n ap enstale plis an plis pwogram sou li (kèk entansyonèlman, kèk

pa si entansyonèl), konpitè a finalman kòmans ralanti epi bagay li te konn fè byen vit yo ak efiksan yo vin ralanti tou. Pafwa li sispann mache. Menm fè l derape kapab vin yon bagay difisil lè andedan li ankonbre avèk pil bagay ak debri elektwonik. Pafwa sèl resous nou genyen se refòmète konpitè a epi rekòmans ankò.

Menmjan an tou, kretyen vivan kapab vin ankonbre avèk laperèz, dout, ak gwo kilpabilite byen lou. Erè nou fè yo, (ni entansyonèl ni san entansyon), kapab peze lou sou nou jiskaske li parèt difisil pou nou fè sa nou konnen nou ta dwe fè yo.

Nan ka peche, gen yon bèl pwosesis pou refòmète ki rele repantans, ki pèmèt nou netwaye andedan nou pou retire debri ki chaje kè nou yo. Levanjil la, atravè Ekspyasyon mirakile ak plen konpasyon Jezikri a, montre nou fason pou nou netwaye nanm nou soti anba tach peche epi vin retounen pi, nouvo ankò, osi inosan ke yon timoun piti.

Men pafwa, gen lòt bagay ki ralanti nou e ki kenbe nou dèyè, ki lakoz panse ak aksyon pa pwodikatif ki rann ni difisil pou nou pran yon nouvo depa.

## **Fè resòti sa ki pi bon nan nou an**

Fikse bi se yon bagay ki diy. Nou konnen Papa nou ki nan Syèl la gen bi paske li di nou ke travay li ak laglwa li se “reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

Bi pèsonèl nou kapab fè resòti sa ki pi bon nan nou an. Sepandan, youn nan bagay ki detounen efò nou nan pran ak kenbe rezolisyon se ranvwaye bagay yo pou demen. Nou pafwa ranvwaye rekòmanse a, kote n ap tann bon moman an pou nou kòmanse—premye jou nouèl ane a, kòmansman ete, lè yo aple nou kòm evèk oswa kòm prezidant Sosyete Sekou, lè timoun yo kòmanse al lekòl, lè nou pran retrèt nou.

Nou pa bezwen yon envitasyon pou nou kòmanse derape al nan direksyon bi ki jis. Nou pa bezwen tann pèmasyon pou nou vin moun nou te dezilyen pou n ye a. Nou pa bezwen tann yo envite nou pou n sèvi nan Legliz la.

Pafwa nou ka pèdi dèzane nan lavi nou ap tann pou yo chwazi nou (gade D&A 121:34–36). Men sa se yon fo pretèks. Nou deja chwazi!

Pafwa nan lavi m, mwen konn pase plizyè nuit san somèy, ap panse ak kesyon, pwoblèm, oswa regrè pèsonèl. Men kèlkeswa nwa lannuit la nwa, mwen toujou jwenn ankourajman nan panse sa a: nan maten, solèy la ap leve.

Avèk chak nouvo jou, gen yon nouvo douvanjou ki vini—non sèlman pou tè a men pou nou tou. Epi avèk chak nou vo jou gen yon nouvo depa ki vini—yon chans pou nou rekòmanse.

### Men e si nou echwe?

Pafwa sa ki kenbe nou dèyè a se laperèz. Nou gen dwa pè pou nou pa reyisi, pè ke n ap reyisi, ke nou kapab anbarase, ke siksè a kapab chanje nou, oubyen li kapab chanje moun bò kote nou.

Epi konsa, nou tann. Oubyen nou lage sa.

Yon lòt bagay nou bezwen sonje nan zafè fikse bi sèk l prèske sèten ke n ap echwe—omwen pou yon ti bout tan. Men, olye nou dekouraje, nou kapab vin pi fò paske konpreyansyon sa a retire presyon ki sou nou pou n vin pafè kounyeya. Depi nan kòmansman, yo te rekonèt ke yon moman oswa yon lòt, nou riske pou nou echwe. Lefèt ke nou konnen bagay sa a depi n ap kòmanse a, sa ap retire anpil nan sipriz ak dekourajman echèk la.

Lè nou fikse bi nou yo nan fason sa a, echèk pa dwe limite nou. Sonje, menmsi nou echwe nan atenn

destinasyon final nou vle a toutsuit, n ap fè pwogrè toutolon wout ki mennen ladan l lan.

E sa konte—sa konte anpil.

Menmsi nou kapab depase liy rive a, jis kontinye vwayaj la ap fè nou vin pi gran pase nou te ye anvan.

### Pi bon tan pou kòmanse a se kounyeya

Gen yon pwovèb ki di: “Pi bon tan pou plante yon pyebwa se 20 ane desa. Dezyèm pi bon tan an se kounyeya.”

Gen yon bagay mèveye ak plen espwa nan mo *kounyeya*. Gen yon bagay pisan nan lefèt ke si nou chwazi pou n deside kounyeya, nou ka ale annavan nan moman sa a menm.

*Kounyeya* se pi bon moman pou nou kòmanse vin moun nou finalman vle ye a—non sèlman 20 ane apati jodia men pou tout letènite tou.

---

### ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Uchtdorf te eksplike ke lè nou echwe nan atenn bi nou yo, “nou ka jwenn pouvwa. Menmsi nou kapab depase liy rive a, jis kontinye vwayaj la ap fè nou vin pi gran pase nou te ye anvan. Mande manm fanmi w ap vizite a pou yo pataje eksperyans kote yo te aprann plis nan pwosesis sa a pase yo te aprann nan rezilta a, tankou diplome nan lekòl oswa resevwa yon rekonpans.

## JÈN YO

### Vin pi bon ou menm nan—Kòmanse kounyeya

**P**rezidan Uchtdorf anseye ke “bi pèsonèl yo kapab fè resòti sa k pi bon nan nou yo.” Panse pou w fikse kèk bi nan de ou twa domèn nan lavi ou, tankou sante fizik, sante espirityèl, ak amitye, pa egzanp. Ki siksè ou ta renmen genyen nan domèn sa yo ane sa a? Pandan w ap panse ak kèk bi nan yon espri lapriyè, asire w ke yo se bi ou ka atenn men ki pral fè w pwogrese. Nan journal ou, dekri bi w yo an detay pou ou kapab wè pwogrè ou lè yon ane pase.



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon divin Jezikri: Egzanp

*Nan lapriyè, etidye materyèl sa a epi chèche konnen kisa pou nou pataje. Nan ki jan konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li e beni moun n ap veje sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa se premye a nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye k ap montre aspè sou misyon Sovè a.*

**L**è nou konprann ke Jezikri se legzanp nou nan tout bagay, nou ka ogmante dezi nou pou n suiv li. Ekriti yo ranpli ak ankourajman pou nou, pou n suiv tras pa Kris la. Kris la te di Nefit yo, "Paskè se sa nou te wè m fè, nou dwe fè" (3 Nephi 27:21). Jezi te di Toma: "Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen." Jan 14:6

Jodia dirijan nou yo raple nou pou nou konsidere Sovè a kòm egzanp nou. Linda K. Burton, prezidan jeneral Sosyete Sekou a, te di: "Lè nou chak gen doktrin Ekspyasyon an byen ekri nan kè nou, lè sa n ap kòmanse vin kalite moun Senyè a vle nou ye a."<sup>1</sup>

Prezidan Thomas S. Monson te di: "Senyè nou ak Sovè nou an, Jezikri, se Egzanp nou ak fòs nou."<sup>2</sup>

Annou pran rezolisyon pou nou rapwoche nou de Jezikri, pou obeyi kòmandman l yo, ak eseye retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

## Nan Ekriti yo

2 Nepi 31:16; Alma 17:11;  
3 Nepi 27:27; Mowoni 7:48

## Nan Istwa Nou

"Li make chemen an epi l trase wout la," se sa Eliza R. Snow, dezyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou a, te di konsènan ministè Jezikri nan mòtalite a.<sup>3</sup> Li te ministre tout moun—young pa young. Li te anseye ke nou dwe kite katrevendis-nèf yo pou n al sove yon grenn ki pèdi a (gade Lik 15:3-7). Li te geri ak anseye moun, li te menm pran tan pou chak moun nan yon militid ki te gen 2.500 moun (gade 3 Nepi 11:13-15; 17:25).

Konsènan fi Sen Dènye Jou yo, President Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan te di: "Nou menm

sè mèveye yo, nou rann lòt moun sèvis pou rezon ki depase dezi benefis pèsonèl nou. Nan sa, nou imite Sovè a. . . . Panse li sete sou fason li te ka ede lòt moun."<sup>4</sup>

## NÒT

1. Linda K. Burton, "Èske lafwa nan Ekspyasyon Jezikri a ekri nan kè nou?" *Ensign* or *Liahona*, Nov. 2012, 114.
2. Thomas S. Monson, "Meeting Life's Challenges," *Ensign*, Nov. 1993, 71.
3. "How Great the Wisdom and the Love," *Hymns*, no. 195.
4. Dieter F. Uchtdorf, "Happiness, Your Heritage," *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2008, 120.

## Kisa M Ka Fè?

1. Poukisa ak kijan Jezikri se egzanp mwen?
2. Nan ki fason sèvi sè m ap vizite yo ede m suiv Sovè a?